



Gid Resous Aprè Lekòl Segondè pou

Elèv San Papye Ak Fanmi ki Gen
Kondisyon Imigrasyon Melanje

Lekòl Leta Miami-Dade County
Mizajou Fevriye 2024



THE SCHOOL BOARD OF MIAMI-DADE COUNTY, FLORIDA

Ms. Mari Tere Rojas, Chair

Mr. Daniel Espino, Vice Chair

Mr. Roberto J. Alonso

Ms. Lucia Baez-Geller

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Ms. Mary Blanco


Ms. Monica Colucci

Ms. Luisa Santos

Dr. Steve Gallon III

Ms. Andrea Pita Mendez

Student Advisor



Dr. Jose L. Dotres

Superintendent of Schools

Lourdes Diaz

Chief Academic Officer

Office of Academics and Transformation

Sally Alayon

Assistant Superintendent

Department of Mental Health and Student Services

Martha Z. Harris

Administrative Director

Division of Student Services

This guide was developed through a collaborative effort between the Division of Student Services College Assistance Program (CAP) and many Community Based Organizations.

Miami-Dade County Public Schools Workgroup

Ms. Sharon Krantz, Executive Director, Division of Student Services
Ms. Patricia Sosa, District Supervisor, Division of Student Services
Ms. Zaida Mesa, School Counselor High School Support, Division of Student Services
Ms. Ana Tigerino, Curriculum Support Specialist, Division of Student Services
Ms. Vanessa Armand-Jackson, CAP Advisor, iTech@Thomas Edison Ed. Center
Ms. Louise Gilman-McCrackine, CAP Advisor, Coral Reef Senior High School
Ms. Devon Grussmark, CAP Advisor, Homestead Senior High School
Mr. Jonathon J. Milian, CAP Advisor, Jose Marti MAST 6-12 Academy
Ms. Martha Subias-Porro, CAP Advisor, American Senior High School
Ms. Vicky Puentes, CAP Advisor, Miami Senior High School

Community Workgroup

Mr. Edward Garza, CEO, Mexican American Council
Mr. Gabriel Gonzalez, M-DCPS Alumni
Ms. Ana Guevara, Co-Executive Director, Florida Student Power Network
Ms. Nery Lopez, Immigration Coordinator, Florida Student Power Network
Ms. Iris Martinez, Senior Assistant Director of Admissions, University of Miami
Ms. Gepsie Metellus, Executive Director, Sant La
Ms. Maria Gabriela Pacheco, Program Director, TheDream.US
Ms. Gricel Ubeda, Recruitment Director, Miami-Dade College
Ms. Marilu Villa, Program Manager, Mexican American Council

Gid sa a te devlope gras ak yon efò kolaborasyon ant Divizyon Sèvis Elèv
“College Assistance Program (CAP)” (Pwogram Asistans pou Kolèj) la ak divès
Òganizasyon ki Baze nan Kominote a.

Ekip Travay nan Lekòl Leta Miami-Dade County

Madan Sharon Krantz, Executive Director, Division of Student Services

Madan Patricia Sosa, District Supervisor, Division of Student Services

Madan Zaida Mesa, School Counselor High School Support, Division of Student Services

Madan Ana Tigerino, Curriculum Support Specialist, Division of Student Services

Madan Vanessa Armand-Jackson, CAP Advisor, iTech@Thomas Edison Ed. Center

Madan Louise Gilman-McCrackine, CAP Advisor, Coral Reef Senior High School

Madan Devon Grussmark, CAP Advisor, Homestead Senior High School

Mesye Jonathon J. Milian, CAP Advisor, Jose Marti MAST 6-12 Academy

Madan Martha Subias-Porro, CAP Advisor, American Senior High School

Madan Vicky Puentes, CAP Advisor, Miami Senior High School

Ekip Travay nan Kominote a

Mesye Edward Garza, CEO, Mexican American Council

Mesye Gabriel Gonzalez, M-DCPS Alumni

Madan Ana Guevara, Co-Executive Director, Florida Student Power Network

Madan Nery Lopez, Immigration Coordinator, Florida Student Power Network

Madan Iris Martinez, Senior Assistant Director of Admissions, University of Miami

Madan Gepsie Metellus, Executive Director, Sant La

Madan Maria Gabriela Pacheco, Program Director, TheDream.US

Madan Gricel Ubeda,
Recruitment Director, Miami-Dade College

Madan Marilu Villa,
Program Manager, Mexican American Council

**Resous Apre Lekòl Segondè pou Elèv San Papye Ak Fanmi ki nan Kondisyon Imigrasyon
Melanje**

Tab Matyè

Entwodiksyon	1
Vwa Ansyen Elèv yo	3
Preparasyon pou Kolèj	5
Opòtinite pou Akselerasyon	7
Aplike pou Kolèj	8
Enstitisyon Piblik nan Florid	9
Enstitisyon Prive	10
Kolèj Teknik Miami-Dade yo	11
Èd Finansye	12
FAFSA	13
Pwofil CSS	14
Bousetid ‘Bright Futures’ ak Èd Finansye nan Florid	16
Frè Ekolaj pou Moun ki Rezide nan Florid	18
Bousetid	21
Resous	28
Glosè pou kèk Tèm	32

Entwodiksyon



Entwodiksyon

Planifikasyon pou edikasyon apre lekòl segondè souvan se yon pwosesis konplike e difisil. Pwosesis sa a ka menm pi difisil toujou pou elèv imigran ak fanmi yo. Yo estime Eta Florid gradye apeprè 5,000 elèv ki pa gen papyè chak ane. “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) konprann defi patikilye ak baryè kiltirèl fanmi san papyè yo ak sa ki gen kondisyon imigrasyon melanje yo rankontre, li priyorize devlopman resous ak konsèy pwofesyonèl pou tout elèv apre lekòl segondè.

Si ou se yon elèv lekòl segondè ki san papyè oswa ki gen gadyen legal san papyè, tanpri nou vle fè w konnen ou **ka** ale nan kolèj e gen anpil opòtinite ki ouvè pou ou. Nou konnen ou gen anpil kesyon sou ale ak peye pou kolèj. Nou kreye gid resous sa a pou bay konsèy ak resous pou asiste elèv ki san papyè ak fanmi ki gen estati imigrasyon melanje pandan y ap navige chemen ki mennen nan edikasyon apre lekòl segondè.

Elèv ki te fèt Etazini e ki nan yon fanmi estati imigrasyon melanje dwe konnen yo gen menm dwa pou jwenn resous federal ak resous eta yo tankou nenpòt lòt sitwayen ameriken. Ka gen kèk obstak adisyonèl pou fanmi ki gen estati imigrasyon melanje lè pou yo ranpli dokiman yo men nou vle asire w gen yon solisyon pou chak defi e toujou gen èd si ou mande asistans.

“The College Assistance Program (CAP)” (Pwogram Asistans Kolèj) la, pwogram konsiltatif apre lekòl segondè Distri nou yo disponib nan chak lekòl segondè. Konseye CAP yo se pwofesyonèl ki resevwa bonjan fòmasyon pou bay tout elèv konsèy apre lekòl segondè. Konseye CAP yo resevwa fòmasyon espesifik pou sipòte elèv ki san papyè ak fanmi ki gen estati imigrasyon melanje. Elèv ki gen estati imigrasyon melanje dwe sètènman chèche konsèy nan men konseye CAP yo oswa konseye lekòl la. Si ou gen enkyetid pou w pale ak konseye a sou sitiyasyon imigrasyon ou, tanpri nou vle w konnen dapre lalwa, ofisyèl lekòl yo pa ka devwale estati imigrasyon ou. “The Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)” (Lwa Dwa pou Edikasyon ak Konfidansyalite Fanmi) entèdi distri lekòl yo devwale oswa pataje ak antite deyò enfòmasyon ki idantifye ou pèsònèlman, tankou sitiyasyon sou sitwayènte ou.

Kominote lokal Sid Florid nou an tou gen anpil òganizasyon ki sipòte efò Distri a pou kreye yon chemen pou edikasyon apre lekòl segondè pou elèv defavorize ki pa gen ase sèvis ak elèv gradye premye jenerasyon yo. Nou kreye sa a an kolaborasyon avèk anpil nan òganizasyon sa yo ki deja prepare pou ede fanmi nan tout kominote nan konte nou an.

Vwa Ansyen Elèv yo

Pa gen okenn evidans ki pi bon pase pa elèv ki pa gen papye ak sa yo ki gen kondisyon imigrasyon melanje yo montre dèske yo kapab ale nan kolèj, lè w tande pawòl sa yo dirèkteman de elèv ki deja fè eksperyans sa yo. Vwa Elèv yo se yon eleman enpòtan nan devlopman gid resous sa a. Nou fè sondaj sou plizyè elèv ki te pase nan pwosesis sa a e nou pataje opinyon yo nan chak seksyon nan dokiman sa a. Temwayaj sa yo se pawòl kèk ansyen elèv M-DCPS ki te pase nan pwosesis sa yo epi ki enskri avèk siksè nan kolèj. Nou espere w ap jwenn enspirasyon nan istwa siksè pa yo.

"Pa gen anyen nou pa ka fè. Pandan li ka sanble enposib paske pa gen moun nan fanmi ou oswa nan antouraj ou ki te fè li, se responsablite pa w pou w pou trase chemen an. Senk ane de sa, mwen te panse mwen pa t ap janm ale oswa gradye nan kolèj. Kounye a, mwen sou wout pou m ale nan lekòl Dwa Legal ann otòn ki ap vini an. Defann tèt ou paske ou merite tout sa k bon ak plis toujou. Pa janm bliye ki kote w soti epi toujou sonje pou avanse pou pi devan."

–Gradye 2016 Lekòl Segondè South Dade

"Tranzisyon soti nan lekòl segondè pou ale nan kolèj te youn nan moman ki te pi difisil nan lavi mwen. Atravè tout pwosesis la, konseye lekòl segondè m nan te akonpaye m e li te fè chak non tounen wi. Li te konvenk mwen pou m te ale nan Miami Dade College, e jiska prezan se te pi bon chwa pou mwen. Avèk pèseverans ak detèminasyon, tout bagay posib."

–Gradye 2016 Lekòl Segondè North Miami

" Nou ka gen tandans nan lavi pou santi restriksyon nan sikonstans mityèl nou pataje yo, men mwen isit la pou di se pa sa ditou. Sa depan de nou pou pran sikonstans yo e fè yo tounen opòtinite. Yon fwa nou fè sa, nou vin viktorye pa sèlman nan sans akonplisman pwòp tèt nou, men tou nan pase flanbo a epi kreye espwa pou moun ki pral vin dèyè nou yo. Chak fwa ou santi do w kwense nan yon miray e ou santi w anvi dekouraje, jis kontinye pouse pou pi devan pou travèse liy objektif ou nan lavi. "

– Gradye 2018 Lekòl Segondè Homestead Senior

"Reve gran e travay di. Pèsòn pap fè w peye pou rèv ou e travay di w pral fè rèv ou tounen reyalyte. Toujou sonje si lavi a frape w, leve kanpe epi frape li de (2) fwa pi fò."

– Gradye 2017 Lekòl Segondè Alonzo and Tracy Morning

“Ale lekòl kòm yon ‘Dreamer’ se definitivman yon posibilite, ou dwe gen volonte pou mete tan ak efò, fè rechèch epi pale ak konseye w sou opsyon yo. Mwen pa t janm espere pandan ane lekòl segondè m yo mwen t ap janm ka imajine ale nan ‘University of Miami’ (inivèsite rèv mwen). Pa dekouraje, fè rechèch ou, epi pale ak moun ki konnen sou opsyon pou elèv ki nan menm sityasyon nou an!”

– Gradye 2016 Lekòl Segondè Miami Killian

“Ap toujou gen yon fason pou w travèse yon pwoblèm. Fè sa etap pa etap e pa pèdi kouraj.”

– Gradye 2020 Center for International Education Graduate

“Ou pa bezwen pè poze kesyon. Ou pa janm konnen si kesyon w la pap vin sous enspirasyon e ki ka débouché sou aksyon pou sipòte lòt elèv ki pa gen papyè. Dewale sityasyon mwen an bay yon konseye oswa yon pwofesè nan lekòl segondè mwen an tou se te youn nan pi bon desizyon mwen te fè paske m te santi m pa t pou kont mwen ak estrès ki te ajoute sou mwen lè okenn nan zanmi m yo pa t gen rapò ak sa. Gen moun ki vle ede ou, men ou dwe pran inisyatif sa a pou mande èd.”

– Gradye 2017 Lekòl Segondè Coral Gables Senior

“Nou twouble dèske sous finans kle “(FAFSA ak Florida Bright Futures)” yo pa aplikab pou nou. Panse sa yo ap twouble panse pandan pwosesis rechèch/aplikasyon, men sonje yo pa ka defini sa w ka akonpli.”

– Gradye 2018 TERRA Environmental Research Institute

“Mwen pousuiv diplòm bachelye mwen nan ‘Franklin and Marshall College’. Mwen te aksepté e enspire akòz privilèj pou fè rèv mwen vin tounen reyalyte. Li te vin klè mwen te plis pase yon nimewo, e estati san papyè mwen pa t defini moun mwen ta ka devni an. Mwen te beni dèske m te fè pati yon ekip kamarad ki gen talan ki te anvi fè yon diferans nan domèn nou yo, kominote a, ak mond lan”.

– Gradye 2016 Lekòl Segondè North Miami Beach

“Pa pèdi espwa travay e konsantre sou travay akademik ou yo, pòt yo ap ouvè pou sa ki travay di yo.”

– Gradye 2019 Lekòl Segondè Miami Senior

Preparasyon pou Kolèj



Preparasyon pou Kolèj

Premye bagay ou dwe konnen pou kontinye edikasyon ou apre lekòl segondè se yon pwosesis pou kat ane. Chemen kolèj kòmanse nan moman ou kòmanse pran kou lekòl segondè yo. Li reyèlman pa janm twò bonè pou w kòmanse reflechi sou avni w. Plis elèv yo travay pandan ane anvan yo pou amelyore konpetans akademik yo, aprann jere tan yo, epi dekouvri fòs yo pandan y ap cheche enfòmasyon sou opsyon apre lekòl segondè ak demand admisyon nan kolèj, yo ap pi byen prepare lè li rive pou deside ki chemen yo ap pran epi asire yon avni briyan e ki sèten.

Kòmanse bonè se yon obligasyon pou elèv ki san papyè yo. Lè w li gid sa a ou pral reyalize sityasyon imigrasyon ou pa dwe yon baryè pou simonte pou w ka reyalize objektif ou nan edikasyon apre lekòl segondè. Sepandan, ou pa ka rete tann jiskaske dènye ane segondè a pou w kreye dosye akademik ou ak responsablite siplemantè kolèj yo ap chèche. Elèv ki ranpli sondaj sou ansyen elèv M-DCPS yo endike kòmanse bonè se eleman ki pi enpòtan nan planifikasyon kolèj.

Elèv ki san papyè yo ap jwenn anpil opòtinite ki disponib pou yo nan lekòl ki trè konpetitif yo avèk finansman prive atravè bousetid 'merit' la (pou plis enfòmasyon sou bousetid sa yo, gade paj 21). Sepandan, sa yo se fason pou ale nan inivèsite ak kolèj leta nan eta kote w ap viv la. Anpil elèv ki pa gen papyè gen istwa patikilye moun pa konnen. Kolèj ak inivèsite yo ap chèche aksepte elèv ki gen istwa sa yo ki ranpli ak pasyon, angajman, ak detèminasyon. Sepandan, yo ap chèche tou elèv ki prepare tèt yo pou travay rigid kolèj, ki ka dekouvri nan relve nòt lekòl segondè elèv la. Chak kou yo pran nan lekòl segondè rakonte yon istwa patikilye sou preparasyon ak destinasyon yon elèv. Sa a gen ladan fasilite oswa difikilite nan kou lekòl la, kalite kou opsyonèl yo, ak konsantrasyon akademik nan kou elèv la pran. Anplis, gen kou patikilye ki ka pi byen prepare elèv yo pou sèten espesyalizasyon oswa pwogram espesyal etid li.

Li enpòtan tou pou w konnen nòt klas yo enpòtan. Mwayèn jeneral nòt ou ap revele enfòmasyon enpòtan bay moun ki revize relve nòt ou an. Pifò bousetid prive ak asistans enstitisyonèl ki baze sou merit ofri bay elèv sèlman ki gen pi gwo nòt mwayèn jeneral segondè yo ak sa ki gen yon dosye akademik eksepsyonèl. Li difisil anpil pou amelyore siyifikativman pwen nòt mwayèn jeneral ou pandan dènye ane segondè ou. Sa a se vrèman yon angajman kat ane ekselans.

Sepandan, si w te kòmanse lekòl segondè ak nòt ki pi ba pase sa w te espere, ou pa bezwen pè. Souvan li pran tan pou elèv yo vin gen matirite, konfidans, ak konpreyansyon pou amelyore nòt yo. Gen anpil opòtinite apre lekòl segondè ki louvri pou elèv nan kominote nou an e nòt mwayèn jeneral ou pap elimine opòtinite pou w ale nan kolèj. Gid sa a ap montre ou gen yon varyete opsyon ki disponib pou ou. Li gid sa a epi familiarize w ak langaj kolèj, jagon admisyon, ak ekspresyon èd finansyè yo ap ede ou pandan w ap navige pwosesis admisyon nan kolèj.

Akselerasyon Opòtinite

Nan Eta Florid, elèv yo gen opòtinite pou akselere aprantisaj yo nan resevwa kredi kolèj gratis pandan yo nan lekòl segondè. Plis kou ak kredi yon elèv konplete pandan li nan lekòl segondè, se mwens tan ak lajan li pral depanse nan kolèj. Kòmanse bonè ak kou kolèj ap ede w ekonomize tan ak lajan. Opsyon akselerasyon sa yo ouvè pou tout elèv konsa ou dwe definitivman konsidere sa lè w ap planifye kou preparasyon pou kolèj ou.

Elèv yo ka kòmanse pran kou kolèj depi nan klas 6èm ane eskolè. Pwosesis sa a pou pran kou kolèj pandan yo toujou nan lekòl mwayen oswa segondè rele anwolman doub. Anwolman Doub bay elèv yo opòtinite pou kòmanse jwenn kredi kolèj bonè gratis pandan yo nan lekòl mwayen oswa segondè. (Plizyè kolèj oswa inivèsite fè patenarya ak lekòl segondè pou ofri kou sa yo.) Ou dwe gen yon 2.5 GPA (mwayèn jeneral) pou kalifye pou kou entwodiksyon yo. Tout lòt kou yo egzije yon minimòm 3.0 GPA (mwayèn jeneral).

Yon lòt opòtinite pou akselerasyon se pran kou ak egzamen “Advanced Placement (AP)” (Plasman Aavance). Kou AP yo se kou nivo kolèj yo anseye nan lekòl segondè. Apre yo fin ranpli kou AP yo, elèv yo an jeneral pran egzamen AP a nan menm sijè sa a, sa ki ka fè yo jwenn kredi ak plasman akselere nan kolèj. Elèv yo dwe resevwa yon nòt 3 oswa plis pou yo ka jwenn kredi nan kolèj.

Finalman, elèv yo ka itilize CLEP “(College-Level Examination Program)” (Pwogram Egzamen Nivo Kolèj). CLEP te kreye pou ede elèv ki gen plis konesans yo jwenn kredi san yo pa chita nan yon tèm kou aktyèl. Elèv yo ka pran egzamen an pou yon sijè patikilye epi si yo pase, yo resevwa kredi kolèj nan sijè sa a. Plizyè milye kolèj ak inivèsite Etazini aksepte kredi atravè CLEP.

Pale ak konseye lekòl ou a oswa administratè lekòl la pou aprann plis detay espesifik sou opsyon akselerasyon ki disponib nan lekòl ou a.

Aplike pou Kolèj



Aplike pou Kolèj

Aplike pou kolèj kapab yon misyon efreyan pou nenpòt elèv ak fanmi yo. Gen anpil diferan pyès nan devinèt la ou ka pa konnen ki kote pou w kòmanse. Tout bagay sa yo nouvo pou ou, e si ou se yon elèv ki san papyè oswa si ou soti nan yon fanmi ki gen kondisyon imigrasyon melanje, devinèt la vin pi konplike dèske gen plis bagay pou w konprann ak aprann. Bon nouvèl la se ke gen divès opòtinite pou ou pousuiv apre lekòl segondè, e gen moun ak resous pou sipòte ou sou wout la!

Jan w te aprann nan seksyon anvan an nan gid sa a, youn nan pi bon bagay ou ka fè pou pozisyon w pou siksè apre lekòl segondè, se kòmanse planifye bonè. Pami lòt rezon, kòmanse bonè pèmèt ou kòmanse preparasyon yo epi konprann opsyon ki disponib pou ou yo. Nan kòmanse bonè, w ap vin okouran de demand admisyon lekòl yo e kòmanse travay nan direksyon pou satisfè oswa depase demand sa yo.

Youn nan premye etap nan pwosesis aplikasyon pou kolèj la se devlope yon lis estratejik lekòl kote ou fè plan pou aplike yo. Lè w fè sa byen bonè nan lekòl segondè, ou ka ede kenbe tras divès demand ak dat limit yo mande nan lekòl ki pa sèlman aksepte elèv ki pa gen papyè, men tou ki sipòte yo finansyèman, pèsònèlman, e pwofesyonèlman. Sa yo se enstitisyon pou w konsantre efò w pou w aplike e finalman kote yo ka aksepte e admèt ou.

Kontrèman ak sa anpil elèv kwè, gen anpil kolèj ak inivèsite ki akeyi elèv ki pa gen papyè, e yo vle sipòte ou nan pwochen siksè w. Lè w ap devlope lis kolèj ou a, kenbe divès kalite kategori sa yo nan lide w e asire mete yo nan lis ou a.

Enstitisyon Leta nan Florid

Premyèman, asire ou fè rechèch sou tout douz inivèsite leta ki nan eta Florid yo ansanm ak kolèj kominotè ak kolèj eta Florid yo. Depi 2017, *US News & World Report* nonmen Florida nimewo en pou edikasyon siperyè. Ou ka aprann plis sou inivèsite sa yo nan sit entènèt “State University System of Florida” (Sistèm Inivèsite Eta Florid) [website](#). Kòm fiti gradye nan yon lekòl segondè Florid (ap gen plis detay sou egzansyon pou rezidans pi devan nan gid sa a), ou ka kalifye pou ekolaj eta a nan nenpòt nan lekòl sa yo. Sa vle di si yo aksepte ou nan youn nan enstitisyon sa yo, yo ap fè w peye menm kantite lajan menm jan ak nenpòt lòt elèv ki rezidan Florid e ou ka petèt kouvri kèk nan frè sa yo ak lòt èd finansye ak lajan bousetid ou (w ap jwenn plis detay sou èd finansye ak bousetid nan seksyon pi devan yo).

Yon fantastik enstitisyon piblik nan kominote lokal nou an ki ka petèt bay elèv ki pa gen papyè yon edikasyon apre lekòl segondè eksepsyonèl e gratis se “[Miami Dade College Honors Program](#)” (Pwogram Kolèj Onè Miami Dade) yo. ‘Honors College’ yo devlope yon fondasyon ki prepare elèv yo pou siksè nan ofri yo yon pwogram akademik solid e konekte elèv yo ak rechèch ak rezo opòtinite. Yon fwa yo aksepte yo nan ‘Honors College’ yo, elèv yo ap resevwa “Honors College Fellows Award” (Prim Manm Onè

Kolèj) ki kouvri pri pou yo ale nan Kolèj Miami Dade ak pri ekolaj rezidan nan Florid. Kòm yon pati nan pwogram nan, anplwaye yo ede elèv yo pou aplike pou lòt bousetid ki ka ede yo nan finansman pou kontinye edikasyon apre lekòl segondè yo. Pwogram nan disponib nan kat kanpous Kolèj Miami Dade yo, ki gen ladan Eduardo J. Padron, Wolfson, North, ak Kendall kanpous.

Enstitisyon Prive

Yon lòt seri lekòl ou ta dwe fè rechèch e petèt ajoute sou lis ou a se enstitisyon prive yo. Akoz lekòl sa yo se pa prensipalman eta a oswa gouvènman lokal yo ki jere oswa finansye yo, yo gen fleksibilite pou kreye pwòp règleman pa yo konsènan aplikasyon ak admisyon elèv ki pa gen papye yo. Sa vle di anpil nan lekòl sa yo pa mande yon nimewo sekirite sosyal oswa dokiman sitwayèn nan aplikasyon yo oswa pwosesis èd finansye yo. Sa fè yo tounen yon opsyon enpòtan pou elèv ki pa gen papye oswa sa yo ki soti nan fanmi ki gen estati imigrasyon melanje. Nou gen kèk nan enstitisyon prive lokal sa yo, isit la nan kominote nou an ki pa non sèlman aksepte elèv ki pa gen papye, men tou, yo bay yo sipò finansye ak lòt sipò. Pami yo nou jwenn University of Miami, Barry University, St Thomas University, ak Florida Memorial University.

Kòm anpil nan nou konnen, souvan enstitisyon prive yo chè anpil, espesyalman lè nou konpare yo ak ekolaj eta yo nan yon kolèj oswa inivèsite leta yo. Sepandan, pa efase yon kolèj sou lis ou akoz pri li afiche a paske majorite nan elèv yo pa peye tout pri pou yo ale nan enstitisyon prive sa yo. Li enpòtan pou w mete nan tèt ou kèk enstitisyon prive gen plis finansman ak lajan bousetid ki disponib pou bay elèv ki baze sou merit (akonplisman akademik ou), ak/oswa bezwen ou kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou.

Ou dwe pote plis atansyon sou lekòl ki pwomote yo satisfè 100% bezwen elèv yo demontre. Sa vle di elèv yo aksepte nan lekòl sa yo souvan jwenn òf enpòtan nan èd finansye ki baze sou yon konbinezon bezwen ak merit. Pakè èd yo ap kouvri jiska pri prezans yo, ki jeneralman gen ladan enstitisyon prive, transpò, liv ak founiti klasik, ak lòt depans ki asosye ak yo. Òf sa yo ka gen ladan etid travay oswa prè (sa vle di yo ka mande w peye yon pòsyon apre w fin gradye), men se pa toujou ka a, e si se sa, ou pa oblije aksepte prè yo ofri w la. An reyalyte, ou ka chwazi diminye kantite lajan prè a oswa refize li konplètman! Ou ka revize yon lis lekòl ki satisfè 100% demonstrasyon bezwen e wè sa ki gen pakè gen ladan prè sou blòg [College Greenlight](#) oswa nan [Big Future](#).

Lè se enstitisyon prive, li toujou yon bon lide pou fè rechèch sou règleman endividyèl lekòl yo ak enfòmasyon sou èd finansye pou wè ki jan yo ta ka satisfè bezwen endividyèl ou yo. Sa tou se yon lòt enfòmasyon enpòtan pou w travay depre ak yon konseye kolèj lekòl oswa konseye kolèj ak reprezantan admisyon an nan enstitisyon prive sa yo pou asire w aprann sou tout fason lekòl yo ka satisfè bezwen pèsonèl ou ak fanmi ou.

Yon enstitisyon prive nan pwòp kominote nou an ki gen yon pwogram ki fèt espesyalman pou elèv 'Deferred Action for Childhood Arrivals (DACA)' se University of Miami. [The U Dreamers Program](#) disponib pou elèv DACA ki gen talan akademik ki ranpli kondisyon admisyon yo. Li disponib pou toude, gradye lekòl segondè yo ak elèv ki transfè nan eta Florid la. University of Miami kreye pwogram 'U Dreamers' yo kòm yon pati nan angajman yo pou bay elèv ki gen nenpòt kondisyon sitwayènte imigrasyon yo opòtinite pou nourri talan yo epi pousuiv objektif yo. Pwogram sa a gen entansyon satisfè 100 pousan nan demontre bezwen finansye yon elèv yo aksepte yo. Prim nan ka petèt kouvri ekolaj ak frè, lojman sou kanpous lekòl la, plan repa, ak asirans sante Inivèsite a.

Kolèj Teknik Miami-Dade

Yon lòt opòtinite eksepsyonèl pou w konsidere pandan ou ap panse pou kontinye edikasyon apre lekòl segondè ou se bonjan pwogram solid Kolèj Teknik distri nou yo. Gen kèk karyè ki pa egzije yon bachelye pou w kòmanse. Gen kèk ki mande yon lisans espesyal ak sètifikasyon epi yo ka pran mwens pase de (2) ane. Kolèj Teknik Lekòl Leta Miami-Dade nou yo pa sèlman ouvri pou tout elèv kèlkeswa sitiwayasyon imigrasyon yo, men yo souvan trè fleksib e rezonabman abòdab. Anpil nan pwogram sa yo, ki epapiye toupatou nan Miami-Dade County, gen anpil siksè nan gradye elèv yo byen vit epi sipòte yo nan garanti elèv yo yon karyè pwofitab lè yo fini pwogram nan. Pwogram fòmasyon apre lekòl segondè yo ofri nan Kolèj Teknik yo fèt pou sipòte mendèv lokal la, ak chemen nan domèn Endistriyèl/Teknik, Sante/Medikal, Biznis/Òdinatè, Syans Fanmi ak Konsomatè, ak Sèvis Piblik. Tcheke varyete pwogram yo ak detay yo nan paj entènèt Kolèj Teknik Miami-Dade County nan <https://www.careerinayear.com/> .

Èd Finansye



Èd Finansye

FAFSA

FAFSA se Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Elèv gouvènman federal la sipèvize e li bay anpil moun èd finansye ki vle pou suiv yon edikasyon apre lekòl segondè.

Èd Finansye Federal yo disponib pou sitwayen ameriken, nasyonalite ameriken, oswa moun ki pa sitwayen elijib ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal valab. Ou dwe genyen (oswa espere genyen) yon diplòm lekòl segondè, oswa GED, epi enskri avèk Sèvis Selektif si ou se yon gason ki gen laj ant 18-25 ane. Ou pap kalifye pou èd federal si yo te kondane w pou nenpòt ofans federal anvan (ki gen ladan vann oswa posede dwòg ilegal).

Aprè w fin ranpli yon aplikasyon FAFSA, li posib pou yo ofri w diferan kalite èd tankou sibvansyon (èd ki baze sou nesesite w e ou pap bezwen peye li apre), prè (ak enterè ki ba ak prè ki pa gen enterè, ki gen ladan Stafford, Perkins, PLUS) ak travay-etid (gouvènman an peye kolèj ou pou peye w pou travay).

Pou kalifye pou èd federal, elèv yo dwe ranpli epi siyen yon FAFSA swa sou entènèt oswa soumèt fòm nan pa lapòs. Pou w ka ranpli yon FAFSA, ou dwe gen yon nimewo sekirite sosyal valab (SSN). Anplis, lè w gen yon SSN sa ap pèmèt ou kreye yon idantifikasyon FSA (non itilizatè ak modpas) ki nesesè pou siyen FAFSA a elektwonikman.

Si yon elèv ap viv avèk yon paran selibatè oswa li ap viv ak toude paran yo, swa paran selibatè a oswa youn nan paran marye, yo oblije kreye yon idantifikasyon FAFSA depi paran an gen yon SSN epi paran an dwe ranpli seksyon demografik ak finansye paran yo ki nan FAFSA a.

Aktyèlman, elèv ki pa gen papye, sa ki gen TPS, oswa elèv DACA yo, **pa** kalifye pou èd federal elèv yo. Sepandan, yo ka elijib pou èd finansye eta a oswa kolèj, ansanm ak bousetid prive. Anplis, elèv ki pa gen papye yo kalifye pou resevwa ekolaj eta Florid la. (Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan paj 18 la.)

Akoz yon SSN nesesè pou ranpli FAFSA a, pifò elèv ki pa gen papye pa kalifye pou ranpli youn paske yo manke eleman kle sa a. Sepandan, elèv DACA ki gen SSN yo ka ranpli fòm FAFSA a, men yo dwe reponn kesyon ki mande si wi ou non elèv la se yon sitwayen nan chwazi repons la ki deklare, "Non, mwen pa yon sitwayen ameriken oswa moun ki pa sitwayen ki kalifye." **Remak: Menm si elèv DACA yo ranpli yon aplikasyon FAFSA, elèv DACA yo p ap janm ka resevwa okenn èd federal; sepandan, li bay enstitisyon apre lekòl segondè enfòmasyon sou bezwen finansye yon elèv.**

Li trè enpòtan pou w sonje sitiyasyon sitwayènte paran yon elèv pa afekte kalifikasyon elèv la pou èd federal li. Anfèt, FAFSA pa janm mande enfòmasyon sou kondisyon sitwayènte paran yo. Si paran an (yo) pa gen yon SSN, elèv la ka toujou ranpli FAFSA a, men pou paran an y ap antre 000-00-000 nan seksyon SSN paran an. Si paran ou pa gen yon SSN, lè sa a, imedyatman yo pap kapab kreye yon ID FAFSA e si se pa sa, yo pap kapab siyen FAFSA a elektwonikman. Paran an dwe enprime paj siyati a apre yo fin ranpli FAFSA a, yo dwe siyen epi poste li nan adrès ki endike a.

Si elèv la ap ranpli fòm FAFSA a sou entènèt nan fafsa.ed.gov epi paran (yo) ak/oswa elèv la ranpli deklarasyon taks sou revni yo avèk IRS e yo satisfè sèten kondisyon tankou yo gen SSN, lè sa a yo ka jwenn aksè disponib sou IRS DRT “(Data Retrieval Tool)” [(Zouti Rekipere Done)]. Avèk IRS DRT a, sa vle di enfòmasyon taks paran (yo) ak elèv yo ap antre otomatik nan FAFSA si elèv la prefere fè sa olye pou yo antre enfòmasyon yo manyèlman. Si paran an (yo) ak/oswa elèv la pa te ranpli deklarasyon taks sou revni ak IRS, yo ka antre enfòmasyon an manyèlman sou sit entènèt FAFSA. Si w ap ranpli fòm FAFSA a pou voye pa lapòs, suiv enstriksyon detaye yo sou ki jan pou reponn kesyon enfòmasyon finansye paran yo.

Yo rekòmande pou elèv ki san papye yo pa ranpli FAFSA a paske yo pa kalifye pou Èd Finansye Federal. Sepandan li enpòtan pou w konnen, kolèj yo ka konsidere aplikasyon an enkonplè san FAFSA a. Elèv san papye yo ta dwe kontakte reprezantan admisyon nan kolèj yo pou diskite rezon ki fè yo pa ranpli FAFSA a. Reprezantan sa yo pral kapab ofri yo lòt opsyon pou demontre bezwen finansye yo ki pa mande pou yo oblije ranpli FAFSA a. Elèv ki pa gen papye yo ap bezwen sèvi ak Kalkil Èd Finansye pou ede enstitisyon apre lekòl segondè yo detèmine bezwen finansye elèv la ki pa mande pou ranpli FAFSA a. Silvouplè gade anba a, pou w jwenn kèk lyen kalkil èd finansye yo:

https://bigfuture.collegeboard.org/pay-for-college/paying-your-share/expected-family-contribution-calculator#efc_status

<https://www.savingforcollege.com/calculators/financial-aid-calculator>

<https://finaid.org/calculators/finaidestimate/>

Pwofil CSS

Jan nou te aprann li nan seksyon kòmansman gid sa a, gen fason pou jwenn èd finansye san ou pa ranpli FAFSA a. Souvan, pi gwo kantite lajan èd yo ofri bay elèv yo soti nan kolèj yo oswa inivèsite kote ou te aksepte yo a. Se lè sa a Pwofil “College Scholarship Services (CSS) (Sèvis Bousetid Kolèj) la vin enpòtan.

Pwofil CSS la se yon aplikasyon sou entènèt (separe de FAFSA) ki kolekte enfòmasyon prèske 400 kolèj ak pwogram bousetid yo itilize (Nan lis sa a gen anpil nan enstitisyon prive yo eksplike nan kòmansman gid sa a) pou bay èd ki pa federal (lajan nan lekòl la, ki pa pou gouvènman an). Gen yon pri ki asosye avèk ranpli aplikasyon sa a, men si w se yon elèv ki kalifye pou Pwogram Nasyonal Repa Midy Lekòl Gratis ak Pri Redui, ou kalifye pou resevwa yon Egzansyon Frè nan men Konsèy Komisyon Kolèj la (wè ak Konseye CAP ou pou jwenn aksè nan egzansyon sa a). Egzansyon Frè Komisyon Konsèy Kolèj la pral pèmèt ou, pami lòt bagay, ranpli pwofil la CSS gratis.

Malgre pwofil CSS la mande pou opinyon ou nan enfòmasyon finansye menm jan ak FAFSA a, e li menm mande pou plis enfòmasyon detaye, aplikasyon an *pa mande pou yon nimewo sekirite sosyal* lè elèv la ap ranpli li oswa pou paran yo rapòte enfòmasyon sou fòm nan. Ranpli pwofil CSS la se yon pwosesis ki long e ki mande pou plizyè dokiman ak anpil enfòmasyon finansye. Ou ka pran devan nan kòmanse kolekte dokiman dènye ane segondè ki nesèsè yo anvan epòk aplikasyon an ouvè 1ye oktòb. Pou w ka ranpli pwofil CSS la, ou pral bezwen deklarasyon taks ki pi resan ou te ranpli, fòm W-2 yo, ak lòt dosye sou revni ane aktyèl la, dosye sou revni yo takse ak benefis, byen ak deklarasyon labank.

Ou dwe konnen li toujou yon bon lide pou w chèche enfòmasyon fòm èd finansye yo pi bonè posib. Sa a aplike a tou pou FAFSA a si w ap kapab ranpli li (al gade seksyon sou FAFSA) ansanm ak pwofil CSS la ak nenpòt ki lòt fòm enstitisyonèl èd finansye. Lè ou pran aplikasyon sa yo bonè, ansanm ak enfòmasyon sou aplikasyon pou kolèj yo tousuit apre yo ouvri yo se pi bon fason pou asire ou satisfè "prijorite dat limit" lekòl yo. Prijorite dat limit yo an jeneral se dat limit kolèj, inivèsite, ak bousetid ki asire yo ap revize aplikasyon w la pou pifò kantite lajan bousetid merit la ansanm ak lòt èd finansye nan lekòl yo oswa pwogram bousetid yo. Anpil nan dat limit yo tonbe byen bonè nan anviwon dat 30 oktòb, se pou rezon sa a kòmanse prepare pati aplikasyon w la ak kolekte dokiman anvan menm aplikasyon yo louvri pral asire ou kapab satisfè dat limit sa yo byen bonè. Mete nan lide w tou pwofil FAFSA a ak CSS la ap disponib pou ranpli premye oktòb nan dènye ane lekòl segondè ou.

Pou gade yon modèl egzanp patikilye etap-pa-etap sou kòman pou w ranpli pwofil CSS la vizite WWW.CSSProfile.CollegeBoard.org

Bousetid “Bright Futures” ak Èd Finansye Florid



Bousetid 'Bright Futures' ak Èd Finansye Florid

Elèv k ap chèche bousetid eta a ak prim sibvansyon pou enstitisyon apre lekòl segondè nan Eta Florid dwe ranpli "Florida Financial Aid Application (FFAA)" (Aplikasyon Èd Finansye Florid). Yo itilize sèl aplikasyon sa a pou evalye elèv la pou plizyè bousetid Eta Florid la ofri. Elèv ki gradye nan lekòl segondè yo ta dwe aplike pou pwogram eta a finanse nan soumèt "Florida Financial Aid Application (FFAA)" (Aplikasyon Èd Finansye Florid) la ki louvri nan dat 1ye oktòb chak ane. Ou ka jwenn Aplikasyon FFAA a nan www.FloridaStudentFinancialAid.org

Klike [la a](#) pou gade etap pou ranpli aplikasyon an.

Youn nan opòtinite bousetid yo bay nan Eta Florid la se Pwogram 'Florida Bright Futures Scholarship'. 'Bright Futures' etabli bousetid la avèk finans ki soti nan lotri pou rekonpanse gradye lekòl segondè Florid yo pou gwo siksè akademik segondè yo. Prim 'Bright Futures' yo gen ladan "Florida Academic Scholars award (FAS), Florida Medallion Scholars award (FMS), Florida Gold Seal CAPE Scholars award (GSC) ak the Florida Gold Seal Vocational Scholars award (GSV)". Pou yon elèv aplike pou yon Bousetid 'Bright Futures', li dwe soumèt, san erè yon "Florida Financial Aid Application (FFAA)" (Aplikasyon Èd Finansye Florid) pandan yo nan dènye ane lekòl segondè (apre 1ye oktòb e anvan 31 out apre gradyasyon lekòl segondè). Gradye a dwe enskri nan yon pwogram pou yon degre, pwogram pou yon sètifika oswa yon pwogram teknoloji aplike nan yon enstitisyon edikasyon piblik oswa prive Florid ki elijib pou resevwa bousetid sa a. Bousetid 'Bright Futures' la otomatikman renouvle chak ane (jiska limit la bousetid) la si elèv la kenbe GPA ki nesèsè yo e resevwa kantite kredi yo mande yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Bousetid 'Bright Futures' la nan <https://www.floridastudentfinancialaidsg.org/SAPBFMAIN/SAPBFMAIN>

Elèv ki pa gen papyè yo, ki gen ladan elèv DACA yo, pa kalifye pou èd federal oswa èd nan eta Florid la. Sa gen ladan 'Florida Opportunity Scholarship, Bright Futures, National Merit', ak prè ak sibvansyon federal yo. Sepandan, nou rekòmande pou tout elèv, ki gen ladan elèv ki pa gen papyè yo, ranpli FFAA a. Si yon elèv ki pa gen papyè te ranpli kondisyon akademik yo pou jwenn yon bousetid 'Bright Futures', yo ta dwe ranpli "Florida Financial Aid Application (FFAA)" (Aplikasyon Èd Finansye Florid) la pandan yo nan dènye ane lekòl segondè. Elèv ki san papyè ak elèv DACA yo pap resevwa bousetid 'Bright Futures' nan moman yo fini; sepandan, si sitiyasyon imigrasyon yo chanje oswa lejislasyon Eta a chanje nan espas senk ane apre yo gradye, elèv yo ka retabli epi itilize bousetid la pou yo ale nan kolèj. Si aplikasyon an pa te ranpli vè 31 out nan ane gradyasyon lekòl segondè yo, yo pap kapab aplike nan yon dat apre menm si sitiyasyon imigrasyon yo te vin chanje.

Pri Ekolaj Rezidan nan Florid



Pri Ekolaj Rezidan nan Florid

Eta Florid la ofri pousantaj pri ekolaj eta a pou elèv ki abite nan Eta Florid la. Elèv ki pa rezidan Florid pou rezon ekolaj dwe peye plis ekolaj andeyò eta a. Elèv ki san papyè ak elèv ki soti nan fanmi kondisyon imigrasyon melanje yo ta dwe kalifye pou pousantaj pri ekolaj nan eta a swa lè yo etabli rezidans nan Florid oswa lè yo aplike pou yon egzansyon frè ekolaj andeyò eta a.

Pou yon elèv kalifye kòm yon rezidan pou rezon ekolaj, yon elèv endepandan oswa paran oswa gadyen legal elèv depandan an dwe te etabli ak kenbe rezidans legal nan Eta Florid pou omwen 12 mwa konsekitif anvan premye jou klas pou semès elèv la enskri a. Yo konsidere pifò elèv ki poko gen laj 24 ane kòm elèv depandan e poutèt sa yo detèmine kondisyon rezidans yo baze sou rezidans paran yo. Paran elèv depandan yo dwe bay prèv dokiman rezidans yo pou yo etabli pri rezidans nan eta a pou ekolaj.

Li enpòtan pou fanmi ki gen kondisyon imigrasyon melanje yo konnen demand yo bonè pou yo ka kòmanse pwosesis yo bezwen an pou yo ka jwenn kèk nan dokiman yo. Ou dwe revize [Florida Statute 1009.21 Determination of resident status for tuition purposes](#) pou familiarize w ak demand dokimantasyon yo. Li enpòtan pou sonje sitiyasyon imigrasyon paran ou yo pa dwe yon obstak pou jwenn estati rezidans sa a. Anfèt, Florid te ajoute yon chemen rezidans nan sèvi avèk relve nòt lekòl segondè elèv la. Elèv ki te konplete dezan oswa plis ane lekòl segondè nan Florid jan sa reflète sou relve nòt lekòl segondè yo elijib pou yo itilize relve nòt lekòl segondè yo kòm youn nan dokiman sipò ki nesèsè pou etabli yo te abite nan Florid. Relve nòt lekòl segondè a ka itilize nan plas yon lisans chofè oswa kat enskripsyon elektè, ki fasilite pwosesis la pou elèv san papyè ak paran yo. Elèv k ap chèche opsyon sa a dwe aplike pou admisyon nan yon enstitisyon edikasyon siperyè nan 12 mwa apre yo fin gradye nan lekòl segondè. Si ou menm oswa paran ou gen difikilte pou jwenn nenpòt nan dokiman adisyonèl yo tankou yon bòdwo sèvis piblik oswa akò kontra lwaye, ou ta dwe kontakte biwo admisyon nan kolèj oswa inivèsite epi travay avèk yo pou jwenn yon solisyon. Asire w ou familiarize w avèk tout dokiman ki nesèsè yo byen bonè pou ou prepare lè dat la rive.

Yon lòt chemen pri ekolaj eta a elèv ki pa gen papyè yo ka itilize se anilasyon pri ekolaj andeyò eta a. Egzanpsyon sa a disponib pou elèv ki ale nan yon lekòl segondè nan Florid pou twa ane konsekitif imedyatman anvan yo gradye nan yon lekòl segondè nan Florid. Anilasyon ekolaj sa a pèmèt elèv ki kalifye yo peye pousantaj ekolaj nan eta a epi li disponib pou tout elèv ki satisfè kritè ki gen ladan elèv ki san papyè pou rezon imigrasyon federal. Li enpòtan pou sonje elèv k ap chèche yon egzansyon ekolaj nan men eta a dwe aplike pou admisyon nan yon enstitisyon edikasyon siperyè nan espas 24 mwa apre yo fin gradye nan lekòl segondè. Sa vle di menm si elèv la fè plan pou pran youn oswa de (2) espas li pa ale nan kolèj, li ta dwe aplike nan yon enstitisyon apre lekòl segondè nan eta a pandan dènye ane yo.

Toujou sonje gen pwofesyonèl nan toude, nan lekòl segondè ou ak nan enstitisyon apre lekòl segondè yo ki disponib pou sipòte w ak pwosesis pou etabli estati kote w abite pou rezon ekolaj yo. Etabli pri ekolaj eta a pa ta dwe yon baryè pou nenpòt elèv.

Bousetid



Bousetid

Finanse yon edikasyon apre lekòl segondè se yon gwo enkyetid pou pifò elèv e elèv san papye yo souvan gen plis difikilite dèske yo konnen yo pa ka resevwa bousetid. Ou ta dwe konnen gen anpil opòtinite bousetid ki ouvè epi ki disponib pou elèv ki pa gen papye. Asire w ou pote atansyon sou nenpòt ki bousetid yo pataje avèk ou. Yon bon gid resous bousetid ak yon long lis nan bousetid ki gen ladan anpil ki pa mande pou yon SSN oswa mande pou enfòmasyon sou estati imigrasyon, se [MALDEF Scholarship Resource Guide](#). Etou, asire ou itilize yon paj rechèch bousetid ou fè konfyans tankou <https://www.goingmerry.com/> oswa <https://www.scholarsnapp.org/> pou ogmante rechèch ou a.

Finansman bousetid an jeneral baze sou merit oswa akonplisman yon elèv, byenke elèv yo ka resevwa bousetid ki baze sou kapasite atletik yo oswa talan atistik yo (sètadi, desen, tablo atis, ekri, eks.) rezon sa a fè li enpòtan pou asire dosye akademik ou trè konpetitif, epi w ap fè pi gwo efò posib nan **tout** kat ane lekòl segondè yo. Li enpòtan pou w fini ane twazyèm ane lekòl segondè ou ak pi gwo nòt posib, e ou kòmanse dènye ane lekòl segondè ou ak dosye akademik ki pi solid posib. Bousetid yo jeneralman divize an twa kategori prensipal: (1) bousetid enstitisyonèl; (2) bousetid eta a finanse; ak (3) bousetid prive.

- **Bousetid enstitisyonèl** yo souvan fè pati pwosesis aplikasyon an e yo baze sèlman prèske sou pozisyon akademik yon elèv tankou (GPA, nòt tès yo, rigidite kourikoulòm nan). Se enstitisyon an jeneralman ki finanse bousetid atletik yo.
- **Bousetid Eta a finanse** atravè alokasyon lejislatif eta yo. Florid gen plizyè bousetid ki disponib pou gradye dènye ane lekòl segondè tankou Bousetid 'Bright Futures'. Tanpri al gade paj X la pou plis enfòmasyon sou aplikasyon pou 'Bright Futures' ak lòt bousetid eta a finanse.
- **Bousetid prive yo** soti nan yon seri antite lokal, eta, oswa òganizasyon. Bousetid sa yo varye soti nan klib sosyal lokal nan òganizasyon kominotè ki gen baz nan gwo kòporasyon antrepriz. Chak antite prive ki bay bousetid detèmine kondisyon kalifikasyon pou pwòp pwogram yo. Anpil ladan yo ouvri pou moun ki pa sitwayen ak elèv ki pa gen papye tou pou ou pa ezite aplike.

Lis pwogram bousetid ki anba a se bonjan opòtinite pou elèv ki san papye. Se Konseye CAP nan lekòl ou a ki ka pwobableman ba w enfòmasyon sa yo e nou ap mande pou w pote atansyon patikilye sou enfòmasyon sa yo.

- Bousetid '**Alexander Hamilton Scholars**' se yon pwogram ki konsantre pou fèm eka a pou jèn adilt tankou Alexander Hamilton. Chak ane AHS chwazi 35 elèv 2èm ane segondè defavorize pou patisipe nan pwogram gratis, emansipasyon senk ane li a. Aplikan yo dwe abite Etazini, men yo pa bezwen gen papye rezidans. Elèv yo chwazi yo resevwa konsèy, gid, ak yon rezo sipò konplè pou yo menm tou ka kite yon eritaj dirab ki pral chanje kominote yo, peyi a, ak mond lan pou tout tan. Elèv yo chwazi yo resevwa tou yon bousetid \$500

lajan kach pou peye pou depans kolèj. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou Pwogram 'Scholars Alexander Hamilton' nan <https://www.hamiltonscholars.org/eligibility>

- Bousetid '**American Dream Scholarship**' nan **Miami Dade College** se pou elèv ki planifye pou yo ale nan youn nan uit kanpous Miami Dade College yo epi yo te genyen yon mwayèn kimilatif jeneral omwen 3.0 ak nòt tès ki kalifye yo pou kolèj anvan yo gradye nan lekòl segondè. Bousetid sa a ouvri pou tout elèv kèlkeswa sitiyan finansye yo ki abite nan Miami-Dade County. Elèv ki pa ka ranpli FAFSA yo kalifye pou ranpli "Family Contribution Estimator" (Estimasyon Kontribisyon Fanmi) an. Sa a se pa yon dokiman federal e fanmi san papye yo ka mete yo alèz pou pataje enfòmasyon finansye yo sou fòm sa a kòm li pa mande pou yon nimewo sekirite sosyal oswa estati imigrasyon. Pou jwenn aksè pou plis enfòmasyon epi aplike pou bousetid "American Dream Scholarship" (Bousetid Rèv Ameriken) an ale nan <https://www.mdc.edu/financialaid/scholarships/american-dream.aspx>
- '**The CAP, Inc. Grant Program**' bay gradye Lekòl Segondè Miami-Dade County bousetid pou ki fin itilize tout posiblite asistans finansye e ki toujou gen yon bezwen finansye ki pa satisfè pou yo ale nan kolèj. Elèv k ap aplike pou sibvansyon sa a dwe ranpli yon FAFSA, sepandan, si w se yon elèv san papye ki pa ka ranpli yon FAFSA, yo ap toujou konsidere w pou sibvansyon sa a. Lè elèv ki pa gen papye aplike pou bousetid sa a, yo dwe telechaje yon kopi papye FAFSA a e konplete kesyon redaksyon yo pou eksplike plis sikonstans finansye ki anpeche yo peye depans edikasyon pou finanse etid bakalorea yo.
- **Cesar E. Chavez Legacy & Educational Fund (CECLEF) Scholarship**: Nan memwa aktivis Cesar E. Chavez, Bousdetid Cesar E. Chavez Legacy & Educational Fund se yon bousdetid ki baze sou bezwen ki konsantre sou misyon sèvi lòt moun. Yo ankouraje elèv yo patisipe nan patisipasyon sivik epi finalman gradye nan kolèj. <https://ceclef.org/>
- Bousetid '**College Board Opportunity Scholarships**' se yon fason fasil pou jwenn lajan bousetid pou kolèj. Pwogram sa a ouvè pou tout elèv nan sezon prentan an nan dezyèm ane lekòl segondè yo epi li pa mande pou yon redaksyon, aplikasyon, oswa minimòm GPA. Yo bay elèv bousetid sa yo pou efò yo pandan y ap konplete etap kle nan chemen yo pou direksyon kolèj. Elèv yo resevwa opòtinite pou yo jwenn yon bousetid pou travay senp planifikasyon kolèj tankou Devlope Lis Kolèj yo, pratike (ak amelyore pou) SAT a, Eksplòre Bousetid, ak aplike nan Kolèj. Pou aprann plis sou Opòtinite Bousetid Kolèj Komisyon Konsèy la ale nan <https://opportunity.collegeboard.org/>.
- **Fon Bousdetid Davis-Putter** bay sipò finansye pou elèv ki se òganizatè aktif e kap devlope nan mouvman pwogresis pou liberasyon, otodetèminasyon ak jistis sosyal ak ekonomik nan kominote yo. Bous detid sa yo ki baze sou bezwen yo bay elèv ki enskri nan yon kolèj oswa inivèsite oswa nan yon pwogram komès oswa teknik. Aplikan yo dwe soumèt yon deklarasyon pèsònèl, relve nòt, ak

referans siyen. Aplikasyon an dwe 1 avril 2024.

<https://www.davisputter.org/apply>

- Bousetid '**Dream.US National Scholarship**' se pou elèv gradye lekòl segondè oswa gradye kolèj kominotè ki gen DACA oswa TPS oswa ki vini nan peyi sa a anvan 1 novanm 2015. Aplikan yo dwe kalifye pou ekolaj eta a nan youn nan kolèj patnè yo. (Tanpri refere w nan paj 19 pou enfòmasyon sou kalifikasyon pou kalifye pou egzansyon ekolaj eta a Florid la.) Bousetid sa bay jiska \$16,500 prim pou yon degre asosye ak \$33,000 pou yon degre bachelèye. W ap jwenn plis enfòmasyon ak aplikasyon an nan <https://www.thedream.us/scholarships/>.
- Sant la te kreye fon bousetid '**Dr. Jean-Price Mars College Scholarship**' pou asiste endividi ki prepare pou kolèj ki gen siksè akademik e ki bezwen asistans finansye pou ale nan kolèj. Bousetid sa a te kreye apre evènman tranbleman tè janvye 2010 la ann Ayiti e ki fèt pou elèv ki te siviv tranbleman tè a e ki aktyèlman enskri nan Lekòl Leta Miami-Dade County. Pou w ka wè aplikasyon konplè a, enstriksyon, ak lis demand pou elilijiblite yo ale nan <https://static1.squarespace.com/static/58d15a56440243fa6daa39b3/t/59074dcc6a4963659257011d/1493650894019/SANT+LA++Scholarship+Application+.pdf>.
- **Bousdetid Future Ready Miami-Dade:** Bousdetid Future Ready Miami-Dade Miami Dade College asire ke tout rezidan Miami-Dade kapab konplete yon diplòm asosye nan Miami Dade College gratis. Bous sa a kouvri depans ki pa kouvri atravè lòt sibvansyon, èd finansye, ak bous detid. Atravè bous sa a, Miami Dade College bay sèvis sipò konplè, ki gen ladan asistans pèsonalize, èd endividyèl ak Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Elèv (FAFSA), konsèy sou karyè, devlopman rezime, ak konseye devwe pou siksè elèv yo. Elèv yo ap gen opòtinite tou pou yo patisipe nan aktivite chanjman, evènman rekonesans, ak opòtinite rezo ak ekspè nan domèn enterè yo. <https://www.mdc.edu/future-ready/>
- Bousetid '**The Golden Door Scholarship**' bay ekolaj, chanm akabri pou jiska kat ane, li bay estaj ak sipò pou rechèch travay, ak pare pou reyinyon anyèl preparasyon pou karyè yo bay elèv ki gen swa DACA, TPS, oswa elèv san papye. Aplikan yo dwe kalifye pou ekolaj nan eta a oswa finansman federal, gen yon gwo GPA, enskri nan klas avanse oswa klas lekòl segondè rigid, ap travay pou eksele e ede lòt moun reyisi e te gen pozisyon wòl lidè oswa ki enplike nan kominote a. Pandan pi fò nan aplikan yo ale nan [lekòl patnè yo](#) 'Golden Door' yo, yo sipòte elèv nan lòt enstitisyon katran akredite yo sou baz patikilye. Tout etidyan yo dwe kenbe yon GPA (mwayèn jeneral) omwen 3.0 nan chak semès. W ap jwenn plis enfòmasyon ak aplikasyon an nan <https://www.goldendoorscholars.org/>.
- Bousetid '**The Hispanic Scholarship Fund (HSF)**' chwazi 10,000 elèv eksepsyonèl Fon Bousdetid Espayòl la (HSF) chwazi kòm Etidyan HSF nan yon

gwo kantite gwoup aplikan ki gen talan, ki dwe gen eritaj Espanyòl e yon sitwayen ameriken, rezidan pèmanan legal, nan DACA. Aplikan yo dwe planifye pou enskri nan yon inivèsite akredite, piblik oswa ki non-pwofi, pou kat ane oswa pwogram metriz Etazini yo. Etidyan HSF yo gen aksè a yon seri konplè nan sèvis sipò anpil Sèvis Sipò Etidyan valab, ki gen ladan sèvis karyè, konsèy, devlopman lidè, konesans bilding, ak fòmasyon sou byennèt. HSF bay plis pase \$30 milyon dola nan bousetid chak ane epi, tou depann de fon ki disponib, Etidyan HSF yo ka elijib tou pou resewva yon bousetid, ki varye ant \$500- \$5,000 yo ap bay etidyan an dirèkteman. W ap jwenn plis enfòmasyon ak aplikasyon an nan <https://www.hsf.net/>

- Bousetid '**The Jack Kent Cooke Foundation Scholarship**' dedikase pou avanse edikasyon elèv ki eksepsyonèlman pwomèt ki gen bezwen finansye. Li se yon pwogram bousetid bakaloreya ki disponib pou elèv dènye ane segondè ki gen gwo akonplisman ki ap chèche ale nan kat ane kolèj ak inivèsite nan peyi a ki pi konpetitif. Aplikasyon bousetid la mande pou fanmi yo rapòte "Adjusted Gross Income (AGI)" (Reveni Anvan Taks Ajiste yo) men yo pèmèt pou fanmi ki pa ranpli taks bay enfòmasyon sa yo san yo pa gen yon deklarasyon taks federal. Elèv yo pa bezwen yon sitwayen ameriken pou aplike. Pou plis enfòmasyon ak sipò pou aplikasyon ale nan lyen ki ap suiv la. <https://www.jkcf.org/our-scholarships/college-scholarship-program/how-to-apply/>
- **The Los Hermanos de Stanford Scholarship**: Bousdetid Los Hermanos de Stanford angaje nan ekselans akademik, sèvis kominotè, ak konsyans kiltirèl. Fondasyon an bay plizyè bous detid de \$500 jiska \$1000 pou elèv eksepsyonèl Latinx ki gradye nan lekòl segondè ki gen plan pou ale nan nenpòt enstitisyon aprantisaj siperyè 2 ane oswa 4 ane. Yo pral jije aplikan yo dapre kontribisyon yo nan prensip k ap gide òganizasyon nou an: Sèvis Kominotè, Ekselans Akademik, ak Konsyantizasyon Kiltirèl. Prim lan ouvri pou aplikan nenpòt sèks ak estati dokimante oswa san papyè. <https://hermanos.weebly.com/>
- Bousetid '**LULAC National Scholarship Fund (LNSF)**' te etabli pou ede jèn nan kominote defavorize yo fè rèv ale nan kolèj vini yon reyalite. Aplikan yo dwe sitwayen ameriken, rezidan legal, oswa DACA epi yo dwe te aplike pou yo enskri nan yon kolèj, inivèsite, oswa yon pwogram metriz. Aplikan yo kalifye pou twa nivo prim bousetid yo, e ki gen ladan yo "National Scholastic Achievement Awards, Honors Awards, and General Awards" (Prim Nasyonal pou Akonplisman Akademik, Prim Onè, ak Prim Jeneral) W ap jwenn aksè sou aplikasyon an ak plis enfòmasyon sou chak prim yo disponib nan <https://www.lnesc.org/l NSF>.

- Bousdetid **MPOWER Global Citizen** bay bous detid chak ane bay elèv entènasyonal ak DACA ki enskri nan lekòl MPOWER sipòte yo. Gen yon Grand Prize \$10,000 ak de Mansyon Onorab kote \$2,000 yo bay.
<https://www.mpowerfinancing.com/scholarships/global-citizen#GCScholarship>
- Bousetid '**The Posse Foundation Scholarship**' bay konsèy ak bousetid lidè konplè nan sis kolèj patnè li yo. Pwogram sa a bay benefisyè li yo sipò tranzisyon ak plase Etidyan yo nan gwoup sipò, miltikiltirèl pa dis (10). Miami se youn nan 10 kominote Posse yo e yo chwazi Etidyan ki pral patisipe nan 'Davidson College, Franklin & Marshall College, Hamilton College, Mount Holyoke College, Pomona College, oswa Syracuse University'. Pwofesè, konseye, oswa konseye CAP elèv la dwe nonmen li pou aplike pou bousetid Posse a nan fen twazyèm ane lekòl segondè li. Chak lekòl segondè nan Lekòl Leta Miami-Dade County kapab nonmen jiska 20 elèv pou aplike. Kolèj patnè Posse yo ouvè a yon popilasyon divès elèv lidè e yo fè konnen yo aksepte elèv ki pa gen papyè. Si ou enterese pou aplike pou vin yon Etidyan Posse, asire w ou pale ak konseye CAP ou epi chèche jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite sa a nan <https://www.possefoundation.org/>
- **Que Lluva Café Scholarship:** Bousdetid Que Lluva Café bay yon bousdetid ki eseye soulaje gwo fado finansye pou ale nan kolèj. Bous sa a se yon repons a mank de asistans finansye yo bay elèv ki pa gen dokiman legal ki ale nan kolèj nan peyi Etazini. Nou ankouraje elèv ki pa gen papyè ki ranpli egzijans akademik ki pi sevè pou aplike.
<https://ca-core.org/scholarship/>
- Bousetid '**Questbridge National College Match Program**' ofri tout pri konplè prezans bousetid la nan kèk kolèj ki gen pi gwo renonme nan peyi a. Bousetid sa a fèt pou elèv dènye ane lekòl segondè ki te montre kapasite akademik eksepsyonèl malgre difikilte finansye yo. Pwogram 'The National College Match' la ouvè a tout sitwayen ameriken, rezidan pèmanan, oswa nenpòt elèv kèlkeswa sitwayèn te li ki aktyèlman nan lekòl segondè Etazini. Nou ta dwe fè remake ke anpil, men se pa tout kolèj patnè yo, ki ap konsidere sitwayen ki pa Ameriken oswa ki pa gen rezidans pèmanan pou admisyon ak bousetid konplè nan Match College la. Pou w jwenn yon lis patnè kolèj ak plis enfòmasyon ale nan lyen sa a:
<https://www.questbridge.org/high-school-students/national-college-match/scholarship-details>
- '**RaiseMe**' se yon pwogram ki bay elèv mikwo-bousetid pou ti reyalizasyon pandan kat ane yo nan lekòl segondè. Tout elèv ka kreye yon pwofil RaiseMe epi ajoute nòt klas yo ladan, akonplisman yo, aktivite, travay, aktivite rechèch kolèj, ak plis toujou. Chak travay elèv la konplete ka fè l jwenn mikwo-bousetid nan lekòl espesifik y ap suiv yo. Yon fwa elèv la aplike epi li aksepte nan dat limit deziyen an, yo garanti èd enstitisyonèl yo resevwa nan platfòm RaiseMe an. Pou w pi byen konprann ki jan RaiseMe travay e pou w kòmanse aplikasyon an ale nan: <https://www.raise.me/how-it-works>

- Pwogram **Rising Black Scholars** la disponib pou elèv ki kalifye ki aplike nan Miami Dade College. Pwogram sa a bay ekolaj gratis pou jiska dezan, plis eksperyans akademik ak ko-curricular pou ekipe elèv yo ak konesans, resous, ak ladrès pou yo reyisi. Plis enfòmasyon sou Pwogram Rising Black Scholars la disponib nan <https://www.mdc.edu/risingblackscholars/>
- Pwogram **Presidential Scholars** nan Miami Dade College ofri bous detid konpetitif pou elèv lekòl segondè ki baze sou siksè akademik yo. Prim yo kouvri ekolaj ak frè, plis yon bous pou depans pou viv. Yo envite etidyan yo pou yo patisipe nan opòtinite inik nan preparasyon karyè, devlopman lidèchip, rechèch akademik, vwayaj angajman sivik, evènman sosyal ak plis ankò. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Presidential Scholars nan <https://www.mdc.edu/presidential-scholars/>

Resous



Resous

Chemen pou ale nan yon edikasyon apre lekòl segondè ka pafwa difisil pou navige akòz enfòmasyon yo ki chanje souvan ak nouvo lejislasyon souvan afekte regleman lokal ak federal yo. Bon nouvèl la se ke gen plizyè fason pou jwenn èd. Sonje ou pa poukont ou, epi ou pa ta dwe janm ezite mande pou sipò, asistans, oswa klarifikasyon.

Aprann konnen konseye CAP ou ak konseye lekòl la depi nan nevyèm ane. Pwofesyonèl Sèvis Elèv sa yo ap ofri konsèy akademik ak resous pou ede ou nan fòmile ak enpleman plan apre lekòl segondè ou. Rekritè admisyon nan kolèj ak inivèsite kapab tou yon gwo sous enfòmasyon ak asistans. Moun sa yo an jeneral gen anpil eksperyans nan ede elèv ki gen sikonstans patikilye epi yo ka vle akonpaye elèv yo ak fanmi yo atravè pwosesis dokiman yo mande yo epi yo bay solisyon altènatif pou elèv ki pa gen papyè.

Genyen anpil òganizasyon lokal ak nasyonal nan toude, ki vle ede ak bay fè defansè pou ou menm ak fanmi ou. Pran prekosyon nou ak move enfòmasyon oswa moun ki ap mande lajan pou sèvis yo. Ou ka souvan jwenn resous ak sèvis gratis nan men òganizasyon ki gen bon repitasyon ki kapab bay enfòmasyon aktyèl pou sipòte fanmi ki pa gen papyè ak fanmi ki gen kondisyon imigrasyon melanje nan kominote nou an. Anba a ou pral jwenn yon lis òganizasyon ki bay toude asistans legal ak sipò nan fè defansè. Anpil nan patnè sa yo ou fè konfyans ede avèk kreyasyon gid sa a epi pare pou sipòte ou.

Asistans Legal ak Resous:



**Americans for
Immigrant Justice**

“Americans for Immigrant Justice (AIG)” (Ameriken pou Jistis pou Imigran): Biwo Avoka non-pwofi ki pran prim pou lite pou jistis pou imigran atravè yon konbinezon reprezantasyon dirèk, enpak sou pwosè legal, defann imigran, ak fè sansibilizasyon.

<https://aijustice.org/>

Telefòn: (305) 573-1106

Direktris: Jennifer Valdes



**NATIONAL
IMMIGRATION
LAW
CENTER**

“National Immigration Law Center” (Sant Nasyonal Lwa Imigrasyon): Òganizasyon dwa legal ki ap defann dwa imen ak lwa imen imigrasyon.

<https://www.protectingimmigrantfamilies.org/>

Fè Defans ak Resous



“Florida Immigrant Coalition (FLIC)” (Kowalisyon Imigran nan Florid): Òganizasyon atravè eta a ki ap travay pou tretman ekitab pou tout moun, tankou imigran.

<https://floridaimmigrant.org/>

Telefòn: (305) 571-7254



“Florida Student Power Network” (Rezo Fòs Elèv Florid): Plizyè òganizasyon elèv atravè eta a ki pran responsablite fè enpak dirèk atravè edikasyon politik, òganizasyon, ak inisyatif kreyatif pou devlope fòs kolektif jèn e lite pou yon gouvènman popilè nan Florid.

<https://studentpower.us/florida/>

Immigrant Justice Coordinator: Nery Lopez



Mexican-American Council

“Mexican American Council (MAC)”: Objektif prensipal MAC se pou avanse ak estanda devan jèn ki ap travay nan jaden yo nan sispann sekans povrete jenerasyonèl la atravè edikasyon, ar, ak angajman sivik. MAC se yon defansè yo respekte anpil ki defann pwoblèm kominotè e li se yon ajan pou chanjman pozitif nan pwomote angajman kiltirè ak sivik ki yon dosye pou plis pase 30 ane sèvis nan kominote a.

<https://www.mexamcouncil.org>

Telefòn: 786-243-2328

Direktris: Eddie Garza

Manadjè Pwogram nan: Marilu Garza



Haitian Neighborhood Center

“Sant La Haitian Community Center” (Sant Kominote Ayisyen an):

Travay Sant La gen ladan adrese pwoblèm kwonik eka sèvis pou Ayisyen/Ayisyen Ameriken nan kominote Sid Florid la ki debouche sou izolasyon sosyal ak mank konesans sou resous ki disponib nan kominote a. Objektif prensipal yo se pou responsabilize, ranfòse, e estabilize kominote Ayisyen Sid Florid la nan ofri aksè enfòmasyon ak sèvis gratis.

<https://www.santla.org>

Telefòn: 305-573-4871



'The Dream.US Organization': TheDream.US se pwogram siksè ak aksè nan kolèj pou DREAMers ki pi gwo nan peyi a. Nou kwè tout DREAMers bezwen jwenn yon opòtinite. Sa sèlman nou dwe fè se ofri yo sipò finansye pou yo ale nan youn nan Kolèj Patnè nou yo, e pran angajman pou yo fini nan kolèj.
<https://www.thedream.us>

Kontak Lokal: Maria Gabriela Pacheco gaby.pacheco@thedream.us



United We Dream: Se pi gran rezo jèn imigran ap dirije nan peyi a
<https://unitedwedream.org/>

Glosè pou Tèm yo



Glosè pou Tèm yo

“Adjusted Gross Income (AGI)” (Revni Total Ajiste)

Yo define Revni Total Ajiste (AGI) kòm revni total mwens revni ajiste an. Revni total la gen ladan salè, dividann, benefis investisman, revni biznis, peman retrèt ak tout lòt revni. Ajisteman nan revni gen ladan atik tankou depans edikatè, enterè prè elèv, peman pansyon alimantè oswa kontribisyon nan yon kont retrèt.

“College Assistance Program (CAP)” (Pwogram Asistans Kolèj)

Pwogram Asistans Kolèj la se yon pwogram konsèy apre lekòl segondè nan tout lekòl segondè leta nan Miami-Dade County. Konsantrasyon espesyalize nan pwogram nan pèmèt konseye CAP yo sèvi elèv yo pi byen epi ogmante rezilta kolèj ak preparasyon pou karyè ekitab pou tout elèv yo.

“College Scholarship Service Profile (CSS Profile)” (Pwofil Bousetid Sèvis Kolèj)

CSS la se yon aplikasyon pou èd finansye kolèj ki nesèsè ki gen apeprè 200 enstitisyon bakaloreya ki mande sa.

“Deferred Action for Childhood Arrivals (DACA)” (Aksyon Difere pou Arive Timoun)

DACA se yon pwogram Prezidan Barack Obama te anonse 12 jen 2012 ki pwoteje moun ki kalifye pou depòtasyon e ki ba yo yon pèmi travay pou 2 ane. Pwogram nan renouvlab. Aksyon Difere sa a pa bay estati legal.

Elèv Depandan

Yo detèmine kapasite pou yon elèv depandan peye nan revize enfòmasyon elèv la ak youn oswa toude paran yo bay.

‘DREAM Act’

Lwa “Development Relief and Education for Alien Minors (DREAM)” (Devlopman Sekou ak Edikasyon pou Etranje Minè) se yon lejislasyon yo pwopoze pou bay yon chemen pou rezidans pèmanan ak sitwayènte ameriken pou elèv imigran san papyè. Depi 2001 yo pwopoze Lwa DREAM nan plizyè fwa nan Kongrè, men li poko apwouve.

Moun ki pa Sitwayen Ameriken ki Elijib

Yo konsidere kòm yon moun elijib men ki pa sitwayen si li satisfè YOUN nan kritè sa yo: 1) ou se yon rezidan pèmanan Etazini ki gen yon Kat Rezidans Anrejistre (I-551), 2) ou se yon rezidan pèmanan kondisyonèl ak yon kat I-551C oswa 3) ou gen yon Dosye Depa Arive (I-94) ki soti nan Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (INS) ak nenpòt nan deziyasyon sa yo: refijye, azil akòde, libète pwovizwa, viktim trafik imen, detantè T-Viza, aplikan Kiben-Ayisyen.

“Expected Family Contribution (EFC)”

(Kontribisyon yo Espere de Fanmi an)

Kontribisyon yo Espere de Fanmi an (EFC) se lajan yo espere pou fanmi an kontribye pou pri kolèj elèv la.

“Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)”

(Akò sou Dwa Edikasyon ak Prive Fanmi)

Lwa Federal ki te ratifye an 1974 FERPA pwoteje konfidansyalite dosye edikasyon elèv, ki aplike pou tout lekòl (K-12 e apre Lekòl Segondè). An jeneral, lwa sa a pwoteje kondisyon imigrasyon tout elèv.

“Florida Financial Aid Application (FFAA)”

(Aplikasyon Èd Finansye Florid)

Aplikasyon Èd Finansye Florid. Yo itilize aplikasyon sa a pou plis pase 20 pwogram Eta a tankou “Florida Student Assistance Grant, Rosewood Family Scholarship and Critical Teacher Shortage Reimbursement Program” (Asistans Sibvansyon Elèv nan Florid, Bousetid Fanmi Rosewood ak Pwogram Ranbousman Mank Pwofesè.

“Free Application for Federal Student Aid (FAFSA)”

(Aplikasyon Gratis Èd Federal pou Elèv)

Fòm FAFSA a pèmèt elèv fè demand sibvansyon federal, travay-etid, ak prè, tout sa nan yonsèl aplikasyon.

Imigran

Nan kontèks Etazini tèm refere kòm tout moun ki pa fèt Etazini. Kèk moun itilize tou tèm fèt nan peyi etranje.

Elèv Endepandan

Yon elèv endepandan se yon elèv ki ranpli sèten kondisyon pou resevwa èd finansye pou peye pou kolèj baze sou abilite pou elèv la peye.

“In-state Tuition” (Ekolaj nan Eta a)

Refere kòm ekolaj nan eta a pou elèv peye nan kolèj ak inivèsite leta. Lè yo refere ekolaj eta a pou elèv ki pa gen papye yo, sa vle di yo fè elèv yo peye tankou moun ki abite nan eta a olyede andeyò eta a oswa nan frè ekolaj elèv entènasyonal, edikasyon apre lekòl segondè vin pi abòdab e pi aksesib.

“Legal Permanent Resident (LPR)” (Rezidan Pèmanan Legal)

Lwa imigrasyon define yon Rezidan Pèmanan Legal oswa moun ki gen “green card” (kat rezidans) kòman yon moun ki resevwa rezidans pèmanan legal Etazini.

“Mixed Status Family” (Fanmi ki Kondisyon Imigrasyon Melanje)

Refere pou fanmi ki swa: 1) elèv la san papye men fanmi an gen rezidans Etazini oswa sitwayen Ameriken oswa 2) elèv la se yon rezidan Etazini oswa li se yon sitwayen Ameriken men fanmi yo pa gen papye.

“Residency Status” (Kondisyon Imigrasyon)

Refere a rezidans anndan oswa andeyò eta a pou objektif peye frè ekolaj.

“Temporary Protected Status (TPS)” (Kondisyon Imigrasyon Tanporè)

Kondisyon Imigrasyon tanporè yo bay sitwayen kèk peyi ki deja nan Etazini.

“Undocumented Student” (Elèv San Papye)

“Undocumented” (San Papye) oswa “unauthorized” (San Otorizasyon) refere a elèv ki pa sitwayen Ameriken oswa ki pa gen rezidans pèmanan Etazini, ki pa gen yon viza pou abite Etazini, e ki pa aplike pou rezidans legal Etazini.

Anti-Discrimination Policy

The School Board of Miami-Dade County, Florida adheres to a policy of nondiscrimination in employment and educational programs/activities and strives affirmatively to provide equal opportunity for all as required by:

Title VI of the Civil Rights Act of 1964 - prohibits discrimination on the basis of race, color, religion, or national origin.

Title VII of the Civil Rights Act of 1964 as amended - prohibits discrimination in employment on the basis of race, color, religion, gender, or national origin.

Title IX of the Education Amendments of 1972 - prohibits discrimination on the basis of gender. M-DCPS does not discriminate on the basis of sex in any education program or activity that it operates as required by Title IX. M-DCPS also does not discriminate on the basis of sex in admissions or employment.

Age Discrimination Act of 1975 - prohibits discrimination based on age in programs or activities.

Age Discrimination in Employment Act of 1967 (ADEA) as amended - prohibits discrimination on the basis of age with respect to individuals who are at least 40 years old.

The Equal Pay Act of 1963 as amended - prohibits gender discrimination in payment of wages to women and men performing substantially equal work in the same establishment.

Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973 - prohibits discrimination against the disabled.

Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA) - prohibits discrimination against individuals with disabilities in employment, public service, public accommodations and telecommunications.

The Family and Medical Leave Act of 1993 (FMLA) - requires covered employers to provide up to 12 weeks of unpaid, job-protected leave to eligible employees for certain family and medical reasons.

The Pregnancy Discrimination Act of 1978 - prohibits discrimination in employment on the basis of pregnancy, childbirth, or related medical conditions.

Florida Educational Equity Act (FEEA) - prohibits discrimination on the basis of race, gender, national origin, marital status, or handicap against a student or employee.

Florida Civil Rights Act of 1992 - secures for all individuals within the state freedom from discrimination because of race, color, religion, sex, national origin, age, handicap, or marital status.

Title II of the Genetic Information Nondiscrimination Act of 2008 (GINA) - prohibits discrimination against employees or applicants because of genetic information.

Boy Scouts of America Equal Access Act of 2002 – No public school shall deny equal access to, or a fair opportunity for groups to meet on school premises or in school facilities before or after school hours, or discriminate against any group officially affiliated with Boy Scouts of America or any other youth or community group listed in Title 36 (as a patriotic society).

Veterans are provided re-employment rights in accordance with P.L. 93-508 (Federal Law) and Section 295.07 (Florida Statutes), which stipulate categorical preferences for employment.

In Addition:

School Board Policies 1362, 3362, 4362, and 5517 - Prohibit harassment and/or discrimination against students, employees, or applicants on the basis of race, color, ethnic or national origin, religion, marital status, disability, genetic information, age, political beliefs, sexual orientation, sex/gender, gender identification, social and family background, linguistic preference, pregnancy, citizenship status, and any other legally prohibited basis. Retaliation for engaging in a protected activity is also prohibited.

For additional information about Title IX or any other discrimination/harassment concerns, contact the U.S. Department of Education Asst. Secretary for Civil Rights or:

Office of Civil Rights Compliance (CRC)
Executive Director/Title IX Coordinator
155 N.E. 15th Street, Suite P104E
Miami, Florida 33132

Phone: (305) 995-1580 TDD: (305) 995-2400

Email: crc@dadeschools.net Website: <https://hrdadeschools.net/civilrights>